

DOKUMEN MADRASAH

SANGAT RAHASIA



Nama :

No :

**KANTOR KEMENTERIAN AGAMA KABUPATEN NGAWI
PENILAIAN AKHIR TAHUN MADRASAH IBTIDAIYAH
TAHUN PELAJARAN 2021/2022**

Mata Pelajaran : Bahasa Jawa

Hari / Tanggal :

Kelas : V (Lima)

Waktu :

1. Pilihlah salah siji wangsulane kang kok anggep paling bener isekne marang kotak!
 1. Wacan kang awujud andharan utawa gambaran kanthi tembung-tembung sawijining barang, papan panggonan, swasana lan kadadean duweni ancas supaya kaya-kaya pamaca weruh bab kang dideleng diarai . . .
 - A. Narasi
 - B. Dheskripsi
 - C. Argumentasi
 - D. Persuasi
 2. Salah siji titikane wacan Deskripsi, yaiku . . .
 - A. Kadadean nganggo urutan wektu
 - B. Pamaca ora bisa nggambarake
 - C. Nggambarake kadadean kanthi cetho
 - D. Isine cara gawe utawa carane nganggobarang

Pakebonan Teh Wanasari

Pakebonan teh Wanasari salah sijining agro wisata sing misuwur ing kutha Malang. Pakebonan iki nyajekake gelaran kebun teh kanthi suasana asri kang nyegerake. Saka lokasi wisata iki awakmu bisa nyawang Gunung Arjuna katon manjulane dhuwur. Ing papan kene awakmu uga isa sinau babagan kaprigelan ngolah teh, saka wujud pucuke godhong nganti bisa dadi ombenan sing sedep, saka proses nandur nganti proses mbuntel kotak produk teh. Saliyane kui, ana uga wahana wisata sing bisa di nikmati kayata flying fox, paintball, panjat dinding, lan sepedaan. Lokasi pakebonan teh iki ana ing lereng e Gunung Arjuna, desa Wanareja, kecamatan Lawang, Kabupaten Malang. Papan wisata iki di bukak saka jam 07.00 – 17.00 WIB.
 3. Wacan ing dhuwur iku dheskripsikake papan wisata sing awujud . . .
 - A. Pantai
 - B. Waduk
 - C. Gunung
 - D. Pakebonan Teh
 4. Pakebonan Teh Wanasari mapan ing tlatah kabupaten . . .
 - A. Probolinggo
 - B. Mojokerto
 - C. Ngawi
 - D. Malang
 5. Tembung agrowisata ing teks kasebut tegese . . .
 - A. Wisata sing sasarane para siswa
 - B. Wisata sing sasarane tetaneman
 - C. Wisata sing kelase mancanegara
 - D. Papan wisata laut
 6. Ing kutha Malang hawane . . .
 - A. Gemricik
 - C. Adhem

- B. Ijo royo-royo
D. Wangi
7. Kanggo nglestarekne ekosistem seng seimbang, bocah-bocah kudu mbuang uwuh ing . . .
A. Kali
C. Panggon uwuh
B. Ngarep omah
D. Ngarep omah
8. Embun-embun kang nelesi gegodongan saya suwe ilang . . . amarga srengenge sansaya panas.
A. Nglungsungi
C. Nyair
B. Nguwap
D. Umup
9. Saben liwat pinggir tegalan, tanduran para tani sinawang katon . . .
A. Gemricik
C. Adhem
B. Ijo royo-royo
D. Wangi
10. Bedane wacan dheskripsi lan wacan prosedur, yaiku . . .
A. Dheskripsi menahi weruh tahapan gawe utawa nganggo, menawa prosedur gambarake
B. Dheskripsi gambarake, menawa prosedur menahi weruh tahapane gawe utawa nganggo.
C. Dheskripsi njlentrehake saweneh bab kanthi bukti-bukti kang kuwat, menawa prosedur menahi weruh tahapane gawe utawa nganggo samubarang.
D. Dheskripsi nyritakake nganggo urutan waktu, menawa prosedur menahi weruh tahapane gawe utawa nganggo
11. Nalika maca teks dheskripsi patrape awak seng bener . . .
A. Sikil mbegagah
C. Sirahe ndingkluk
B. Ngadeg jejeg
D. Kakean obah
12. Tehnik maca kang biasane digunakake para presenter, yaiku . . .
A. Endah
C. Memindai
B. Nyaring
D. Tanpa swara
13. Basa kang endah utawa basa sastra, endahe karena dipaesi utawa dirumpaka diarani basa . . .
A. Krama
C. Bagongan
B. Krama desa
D. Rinengga
14. Ing ngisor iki kalebu jinise bahasa rinengga, kajaba . . .
A. Panyendhu
C. Parikan
B. Pepindhan
D. Pawarta
15. Lumrahe basa rinengga kuwi kanggo nulis kasusastran. Tuladhane kasusastran, kajaba . . .
A. Teks dheskripsi
C. Pawayangan
B. Geguritan
D. Drama
16. Polahe wong kutha kaya gabah . . .
A. Kabur kanginan
C. Dionceki
B. Diinteri
D. Di kumbah
17. Sinta lan Santi kae bocah kembar kang rupane kaya . . .
A. Blarak sempal
C. Mucuk eri
B. Jambe sinegar
D. Ndamar kanginan

18. Aku seneng mertamu menyang omahmu amarga suguhane mbanyu . . .
 A. Mili C. Anyep
 B. Mampet D. Enak
19. Perangane awak seng nyela cendhana, yaiku . . .
 A. Drijine C. Alise
 B. Untune D. Bathuke
20. Pakdhe Kamto menawa mijet keypad ponsel asring kleru amarga drijine . . .
 A. Bujel C. Mlongo
 B. Cedal D. Nonong\
- Candrane Adhiku Sri Widada**
 Bunder impleg impleg hem, kaya Narada
 Joged mendhek-mendhek hem, ing pendhapa
 Anggepe, candrane kaya Raden Gatutkaca
 Candrane adhiku, aran Agus
 Dhasar bocah bagus, nyata besus
 Rambut model baru ganda wangi
 Anggepe, candrane kaya gayane penyanyi
21. Basa rinengga ing tembang kasebut yaiku . . .
 A. Panyandra C. Parikan
 B. Panyendhu D. Pepindhan
22. Panyandra si Widada kaya satria, yaiku . . .
 A. Narada C. Raden Gatutkaca
 B. Raden Janaka D. Prabu Puntadewa
23. Sing di candra kaya gayane penyanyi, yaiku . . .
 A. Widada C. Narada
 B. Agus D. Raden Gatutkaca
24. Tangane cinandra . . .
 A. Nawon kemit C. Lantip
 B. Ngandan-andan D. Nggendhewa pinenthang
25. Panyandra iku basa rinengga kanggo ngarani perangane awak kanthi tujuan . .
 A. Nyemoni C. Ngupamakne
 B. Ngalembana D. Nyindir
26. Joko kae baguse kaya bhathara . . . tumurun
 A. Kamajaya C. Ismaya
 B. Kumaratih D. Guru
27. Omah gandheng tak saponane . . . Larik kang trep kanggo neruske parikan,
 yaiku . . .
 A. Gendhong apa bacak, mlaku timik-timik
 B. Abot entheng tak lakonane
 C. Ora mampir pokok liwat
 D. Isih cilik ojo keset
28. Damar sajake olehe mlaku pethenthang pethentheng kaya pemain seng wes
 gamben. Ukara kasebut ngemot bahasa rinengga, yaiku . . .
 A. Panyandha C. Parikan

- B. Panyendhu
D. Pepindhan
29. Ing ngisor iki kalebu jinise basa rinengga kang mirip pantun ing bahasa Indonesia, yaiku . . .
A. Pepindhan
C. Panyandra
B. Panyendhu
D. Parikan
30. Cipir mrambat kawat . . . Jangkepane isi parikan yaiku . . .
A. Ora ngapa seng penting banter
C. Aku seneng mangan cipir
B. Ora mampir anger liwat
D. Manggis karengat
31. Wacan dheskripsi iku teks kang . . . samubarang kanthi tembung-tembung sawijining barang, papan panggonan, swasana, lan kadadean, nduweni ancas supaya kaya-kaya pamaca weruh bab kang dideleng.
A. Nggambarake
C. Njlentrehake kanthi bukti kuwat
B. Nyritakake
D. Carane nganggo utawa gawe
32. Titikane wacan dheskripsi ing antarane, yaiku . . .
A. Isine cara gawe utawa carane nganggo barang
B. Nggambarake kadadean kanthi cetha
C. Kadadeane nganggo urutan wektu
D. Pamaca ora bisa nggambarake
33. Sasawangan ing sakiwa tengene Gunung Bromo endah banget. Gunung api aktif iki lokasine ana ing laladen Kabupaten Probolinggo, Kabupaten Pasuruan, Kabupaten Lumajang, lan Kabupaten Malang. Ing kawasan sakiwa tengene gunung beluk kabut kumebul sumundhul ngawiyat. Manuk-manuk pating sumliwer ing kupenge gunung. Tethukulan kang sarwo ijo ngrenggani seambane pereng. Saka kadhohan kathon kali kang iline banter. Swarane banyu gumbrojug. Saking bantere cumiprat ngempyok, gegodhongan. Hawane adhem. Wong-wong ing sakiwa tengene gunung podo iwot karo pakaryane dewe-dewe. Ana para petani sing nenandhur woh-wohan. Saperangan ana seng nenandur janganan lan kacang-kacangan.
- Gunung Bromo endah banget yen wayah esuk. Ing siseh wetan sumamburat abang. Mbaka setitik srengengene mencorong padhang. Sadawane sesawangan savana, suket ijo koyo dene gelaran. Embun-embun kang nelesi gegodhongan saya suwe ilang nguwap amarga srengenge samsaya panas. Wong-wong wes wiwiti pakaryane. Ana seng ngiderake jarane kanggo tetunggangan para wisatawan. Ana wong kang ngiderake panganan. Ana kang mider nunggang motor tril ngiteri kawasan gunung. Uga ana andha tumuju pucuke gunung. Ing pucuke gunung, ana beluk kumebul saka njerone gunung. Sapa dolan menyang Bromo, kaya aras-arasen ninggalake sesawangan kang nyata endah dinulu mata.
- Wacan kasebut kalebu . . .
A. Narasi
C. Dheskripsi
B. Eksposisi
D. Argumentasi
34. Gunung Bromo iku mapan ing laladen, kejaba . . .
A. Kabupaten Probolinggo
C. Kabupaten Pasuruan
B. Kabupaten Blitar
D. Kabupaten Lumajang
35. Ing kawasan Gunung Bromo hawane . . .

- A. Adhem
B. Silir
C. Panas
D. Sumuk
36. Ing sadawane dalan parenge Gunung Bromo katon . . .
A. Kewan-kewan
B. Para manuk
C. Tethukulan
D. Beluk kabut
37. Ing ngisor iki kandaraan kanggo ngiteri kawasan Gunung Bromo, yaiku . . .
A. Jaran lan sedan
B. Andhong lan sedan
C. Jaran lan motor tril
D. Andhong lan motor tril
38. Ing ngisor iki pranyatan kang beber miturut wacan kasebut, yaiku . . .
A. Ing kawasan sakiwa tengene gunung Bromo, beluk kabut kumebul kanthi nyundhul langit
B. Gunung Bromo iku mapan ing tlatah Jawa Tengah
C. Sesawangan ing Gunung Bromo katon reget
D. Laladan gunung bromo hawane sumuk
39. Ing ngisor iki pranyatan kang ora bener miturut wacan kasebut, yaiku . . .
A. Ora ana manuk kang pating sliwer ing sakupenge Gunung Bromo
B. Salah sawijining tetunggangan kanggo ngiteri gunung yaiku jaran
C. Pakaryane wong ing kawasan gunung Bromo yaiku tani
D. Sesawangan ing Gunung Bromo katon endah
40. Wong-wong ing sakiwa tengene gunung padha iwut karo pakaryane dhewe-dhewe. Tembung pakaryan pada tegese karo . . .
A. Pagaweyane
B. Pakulinane
C. Kesenengane
D. Keremenane
41. Wayah esuk ing kawasan gunung Bromo endah banget ing seseh wetan sumamburat abang. Ukara kasebut migunakake panggambaran lumantar pancadriya . . .
A. Mripat
B. Irung
C. Kuping
D. Kulit
42. Lumrahe bahasa rinengga kuwi kanggo nulis . . .
A. Aksara jawa
B. Kasusastran
C. Sesorah(pidato)
D. Rumus matematika
43. Kanggo ngarani perangane awak seng tujuan kanggo nggalembana diarani . . .
A. Parikan
B. Pepindhan
C. Panyandra
D. Panyendhu
44. Panyendhu iku bahasa rinengga kanggo ngarani perangane awak kanthi tujuan . . .
A. Nyindir
B. Nyemoni
C. Ngumpamakne
D. Ngalembana
45. Parikan iku kadadean saka bageyan . . .
A. Panyandra
B. Sampiran lan isi
C. Panyendhu
D. Nyemoni
46.
Dadi murid kudu sregep sinau
Larik kang trep kanggo ngisi sapiran parikan ing dhuwur yaiku . . .
A. Ana bocah mlaku ing embong

- B. Mlaku-mlaku ing tanjung perak
 C. Manuk emprit nucuki sega krawu
 D. Tuku potelot dilincipi
47. Kowe kuwi sedina ora ados nganti gandamu kaya arum jamban. Arum jamban tegese . . .
 A. Wangi banget
 B. Ambune kecut
 C. Nengsemake ati
 D. Marai luwe
48. Bayem erine, ketan pulukane
 Aku rumangsa ayem atine, ketekan panyuwune. Basa rinengga iki kalebu . . .
 A. Parikan
 B. Panyendhu
 C. Panyandra
 D. Pepindhan
49. Mripate bocah ayu kae cinandra . . .
 A. Blarak sempal
 B. Ndamar kanginan
 C. Mucuk eri
 D. Jambe sinegar
50. Godhong klaras godhong . . .
 Bocah memelas lurus rejeki
 Tembung kang trep kanggo ngisi sampiran parikan ing dhuwur, yaiku . . .
 A. Nangka
 B. Gedhang
 C. Kemangi
 D. Krambil